



Pou Piblikasyon Imedya: 26/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL, SENATÈ SCHUMER, SENATÈ GILLIBRAND AK
DELEGASYON KONGRÈ NEW YORK LA ANONSE NEW YORK PRAL RESEVWA
PLIS PASE 664 MILYON DOLA NAN FON FEDERAL POU EKITE, AKSÈ AK
DEPLWAMAN WO DEBI**

***Yo pral bay New York finansman an 2024-25 pou pote enfrastrikti wo debi nan
kote ki pa jwenn sèvis ak kote ki pa jwenn ase sèvis yo atravè Eta a***

***Biwo ConnectALL Empire State Development lan ap devlope kounye a plan pou
wo debi ak ekite dijital ki baze sou opinyon piblik san parèy***

Gouvènè Kathy Hochul, Senatè Schumer, Senatè Gillibrand ak Delegasyon Kongrè New York la anonse jodi a ke Biwo ConnectALL Eta New York la te resevwa 664 milyon dola nan finansman atravè Pwogram Ekite, Aksè, ak Deplwaman Wo Debi (Broadband Equity Access and Deployment, BEAD), nan kad Lwa sou Enfrastrikti Bilateral 2021 an. ALokasyon BEAD a se pi gwo investisman inik nan pwogram ConnectALL la epi yo pral itilize li prensipalman pou bay enfrastrikti fib optik nan kote yo nan New York ki pa gen sèvis wo debi kounye a.

"Investisman transfòmatif sa a nan pwogram ConnectALL New York la pral yon eleman ki chanje jwèt la nan avanse estrateji nan tout eta a pou rann entènèt rapid abòdab ak disponib pou tout moun", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nan ekonomi jodi a, aksè fyab bande se yon nesite absoli, epi mwen remèsye administrasyon Biden, Lidè Majorite Schumer, Senatè Gillibrand, ak delegasyon Kongrè New York la paske yo kontinye priyore bezwen enfrastrikti enpòtan yo epi yo sipòte misyon nou pou elaji wo ebi nan chak kwen nan eta nou an."

Inisyativ ConnectALL la ki koute 1 milya dola, Gouvènè Hochul te anonse nan Diskou li an janvye 2022 sou Eta a, se pi gwo investisman Eta New York te janm fè nan wo debi, ki vize transfòme enfrastrikti dijital eta a pou konekte tout Nouyòkè yo atravè entènèt. Anplis finansman pou atenn kote ki pa jwenn sèvis ak kote ki pa jwenn ase sèvis yo, ConnectALL gen ladan pwogram sibvansyon pou investi nan enfrastrikti wo ebi piblik, pou amelyore sèvis yo nan lojman piblik ak abòdab, epi sipòte enklizyon dijital ak edikasyon sou itilizasyon entènèt la.

New York pral soumèt yon premye pwopozisyon distribisyon sibvansyon bay Administrasyon Nasyonal sou Telekomunikasyon ak Enfòmasyon (National Telecommunication and Information Administration, NTIA) Prezidan Biden lan. Apre apwobasyon premye pwopozisyon an, Biwo ConnectALL pral mande founisè sèvis entènèt yo aplikasyon pou konstwi nouvo enfrastrikti wo debi zòn ki pa jwenn sèvis ak nan zòn ki pa jwenn ase sèvis yo nan eta a. Yo pral enkli pake aplikasyon sa a nan pwopozisyon final New York la bay NTIA, apre sa eta a pral resevwa tout alokasyon BEAD li pou bay pri sibvansyon yo.

Alokasyon BEAD la vini apre yon prim 100 milyon dola ki soti nan Fon Pwojè Kapital pou Coronavirus Depatman Trezò a ki te anonse pa Gouvènè a nan mwa me ak de sibvansyon planifikasyon ki totalize plis pase 7 milyon dola ki te anonse nan mwa desanm.

Alokasyon BEAD la baze sitou sou pòsyon lokal New York la ki pa sèvi nan peyi a, jan Komisyon Federal sou Kominikasyon (Federal Communications Commission, FCC) an rapòte. Kat Jewografik FCC a te montre okòmansman New York te gen 106,290 kote ki pa jwenn sèvis. Nan mwa oktòb 2022, Gouvènè Hochul te lanse yon defi pou kat done wo ebi FCC yo, ki te revele plis pase 31,000 kote ki pa jwenn ase sèvis ak kote ki pa jwenn sèvis nan done FCC yo, apre yon mobilizasyon ofisyèl rejyonal, konte, ak lokal yo ak pwòp premye kat jewografik wo debi entè-aktif inik New York yo. Nan mwa me, FCC te pibliye done mizajou ki gen ladan plis pase 140,000 kote ki pa jwenn sèvis nan New York ak prèske 38,000 kote ki gen aksè an nivo vitès entènèt minimòm ke yo kalifye kòm kote ki pa jwenn ase sèvis.

Sekretè Komès Etazini an Gina Raimondo, te deklare, "Atravè ajanda Envesti nan Etazini (Investing in America) Prezidan Biden lan, n ap fè pi gwo envestisman ki te janm genyen pou bay yon entènèt rapid ki fyab ak abòdab pou tout Nouyòkè yo, fèmèn divizyon dijital nan Empire State la, epi kreye plizyè milye bon djòb pandan n ap konstwi enfrastrikti rezo nou an. Mwen apresye lidèchip ak travay Gouvènè Hochul pou asire fanmi New York yo pral kapab konekte ak ekonomi dijital la epi jwenn plis opòtinite pou aprann, travay ak grandi."

Lidè Majorite Sena a, Chuck Schumer, te deklare, "Gras a Lwa sou Enfrastrikti & Travay Bilateral (Bipartisan Infrastructure & Jobs Law) nou te pase a, genyen prèske 670 milyon dola istorik ki kounye a sou wout li pou elaji enfrastrikti wo debi epi ranfòse aksè ak bon jan kalite entènèt atravè New York. Kit se pou travay, lekòl, oswa pou jwenn swen sante nou bezwen, aksè ak entènèt la se pa yon liks, men se yon nesosite pou yon lavi modèn. Byen lontan anvan pandemi an, kominote atravè pati Nò Eta New York yo, soti nan kominote riral yo rive nan katye vil ki trè aktif yo, yo te gen difikilte pou jwenn sèvis entènèt a gran vitès. Mwen fyè pou m bay rekò sa a ki geen prèske 670 milyon dola pou New York pou finalman ede fèmèn divizyon dijital la. New York, nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, ap mennen bak la pou bay tout Nouyòkè yo aksè ekitab ak entènèt yo merite, epi gwo envestisman federal sa a pral ede finalman bay kominote nou yo sipò yo bezwen pou yo reyisi nan 21èm syèk la."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Aksè ak bon jan kalite entènèt ki abòdab enpòtan anpil pou konekte Nouyòkè yo ak travay, swen sante, edikasyon ak plis ankò. Finansman sa a pral dirèkteman konble divizyon dijital la epi delivre entènèt rapid bay fanmi yo atravè Eta New York. Mwen fyè dèske m te travay pou bay finansman sa a atravè Lwa sou Enfrastrikti Bilateral la epi m ap kontinye goumen pou chak Nouyòkè gen aksè ak yon entènèt ki fyab ki gen bon jan kalite."

Reprezantan Brian Higgins te deklare, "Aksè ak entènèt rapid se yon nesosite, se pa yon liks pou Nouyòkè ki gen tout kategori laj yo. Soti nan travay lekòl la, rive nan telesante, jwenn aksè ak sèvis gouvènman an, aplike nan travay, travay apati lakay, ak plis ankò, aksè ak entènèt nan kay la vin tounen yon sèvis piblik chak jou. Malerezman, kat wo debi FCC yo revele gwo vid ki genyen nan aksè ak sèvis, yon defi ke anpil Nouyòkè nan rejyon Lwès yo konprann. Gras ak envèstisman Lwa sou Enfrastrikti Bilateral la te fè, n ap franchi yon lòt etap nan direksyon pou bay kominote yo yon enfrastrikti wo debi ki pi bon ki pral asire fanmi yo gen aksè ak entènèt ki fyab ak ekitab yo bezwen chak jou pou travay, viv ak edike pitit yo."

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Menm lè pandemi COVID la fè travay ak lekòl adistans vin yon nouvo nòmral pou anpil nan nou, twòp Ameriken, patikilyèman nan kominote riral yo, toujou manke aksè ki fyab ak entènèt la. Se poutèt sa mwen te fyè pou m defann efò pou pote aksè ak wo debi nan zòn sa yo ki pa jwenn sèvis ak kote ki pa jwenn ase sèvis yo, sa ki ede bay plizyè milyon nan finansman federal atravè Lwa ACCESS BROADBAND (AKSÈ AK WO DEBI) mwen ak Plan Sekou Ameriken (American Rescue Plan, ARP) an. Kounye a, ak enjeksyon enpòtan sa a ki soti nan Lwa sou Enfrastrikti Bilateral nou an, n ap kontinye konstwi enfrastrikti kominote yo atravè eta nou an ak nasyon nou an bezwen pou yo pwospere."

Lidè Demokrat la, Hakeem Jeffries, te deklare, "Nan New York ak nan tout Etazini, gen twòp kominote ki pa gen ase resous ki pa gen kapasite pou konekte sou entènèt epi angaje ak fanmi, travay, lekòl ak telemedsin. Nan travay ak Prezidan Biden, Demokrat Chanm yo te pase Lwa sou Envestisman ak Travay nan Enfrastrikti (Infrastructure Investment and Jobs Act, IJJA) a pou asire ke chak kominote atravè nasyon nou an gen aksè ak entènèt rapid. Nou te envesti 65 milya dola pou elaji wo debi nan chak kòd postal. Mwen remèsye Prezidan Biden ak Gouvènè Hochul pou lidèchip yo nan jere 665 milyon dola nan yon seri envestisman enpòtan atravè New York."

Reprezantan Grace Meng te deklare, "Nan Kongrè a, mwen fyè dèske mwen te ede kreye Fon Koneksyon Ijans (Emergency Connectivity Fund, ECF) ki koute 7.1 milya dola, ki te ede lekòl ak bibliyotèk yo nan Queens ak atravè New York achte pwèn aksè Wi-Fi, modèm, woutè, sèvis entènèt ak aparèy ki konpatib ak entènèt pou nou te kapab ogmante aksè ak entènèt nan kominote nou yo. Mwen kontan anpil pou mwen salye alokasyon BEAD sa a tou, epi mwen kontan wè ke Lwa sou Enfrastrikti Bilateral la ke mwen te ede pase a ap kontinye sèvi eta nou an. Mwen pral kontinye defann pwoblèm enpòtan pou amelyore entènèt ak aksè ak wo debi, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te anonse fon sa yo."

Reprezantan Joseph Morelle, te deklare, "Li klè ke aksè ak entènèt se pa yon liks ankò—se yon nesosite obligatwa pou patisipe nan sosyete jodi a. Malerezman, anpil fanmi nan kominote nou an toujou manke wo debi ki fyab. Mwen byen kontan mwen te kapab delivre finansman federal sa a pou sipòte aksè ekitab ak entènèt, epi mwen apresye angajman Gouvènè Hochul pran pou asire tout Nouyòkè yo gen zouti yo bezwen pou reyisi."

Reprezantan Jamaal Bowman te deklare, "Aksè ak wo debi se yon resous enpòtan ki pral ouvri nouvo opòtinite pou travay, edikasyon, ak plis ankò, espesyalman pou kominote yo ki pa gen jwenn ase finansman ak refi prè pandan plizyè deseni. Mwen fyè pou m rejwenn Gouvènè Hochul pou nou anonse finansman wo debi pou kominote nou yo ki pa jwenn ase sèvi yo pou asire Nouyòkè yo atravè eta a ka konekte ak aprann youn nan men lòt. Sa a se yon etap nesèsè pou amelyore ekite dijital ak aksè sk opòtinite atravè eta nou an."

Reprezantan Richie Torres, te deklare, "Aksè ak bon jan kalite entènèt ki fyab, aksesib pa yon liks ankò — li se yon nesosite pou prèske tout aspè nan lavi chak jou. Se youn nan rezon ki fè m te fyè pou m sipòte Lwa sou Enfrastrikti Bilateral la, ki kontinye founi investisman istorik ak enpòtan nan New York ak atravè Etazini. Istorikman, twò pami kominote nou yo rete dèyè san yo pa gen kapasite pou yo fasilman monte sou entènèt epi konekte. Men, ak finansman sa a, gouvènman eta nou an ak gouvènman federal yo pral travay ansanm pou deplwaye sèvis wo debi yon fason ekitab pou asire chak Nouyòkè gen sèvis entènèt yo bezwen epi yo merite a."

Lòt Inisyativ ConnectALL yo

Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, Biwo ConnectALL ap kolekte yon nivo opinyon kominotè san parèy pou enfòmè travay wo debi li yo. Dènyèman, ConnectALL te konplete yon toune twa mwa, nan tout eta a nan [10 sesyon ekout sou ekite dijital](#) pou enfòmè devlopman Plan Aksyon sou Senk Ane BEAD la, Premye Pwopozisyon BEAD la, ak Plan Ekite Dijital Eta a. ConnectALL pral kontinye rankontre ak moun ki gen enterè yo nan kominote a, kowalisyon yo, ak rezo yo atravè eta a, ki gen ladann atravè [Sondaj sou Aksè ak Entènèt Eta New York](#) (New York State Internet Access Survey) la, k ap fèmen nan dat 30 jen. ConnectALL pral rann Plan Ekite Dijital Eta New York la disponib pou kòmantè piblik nan mwa septanm nan.

Ane pase, New York te enskri yon milyon kay ki elijib nan yon sibvansyon nan tout peyi a pou elaji aksè pou Anplis de sa, Eta New York kontinye ankouraje enskripsyon k ap mennen nan peyi a nan Pwogram Koneksyon Abòdab (Affordable Connectivity Program, ACP) federal la, yon sibvansyon nan tout peyi a pou elaji aksè ak wo debi pou fanmi ki gen revni fèb yo. New York te enskri plis pase 1.3 milyon fwaye nan pwogram nan akoz yon efò sansibilizasyon pa plizyè ajans ki gen plizyè apwòch, ki dirije pa Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS) Eta New York la ak Empire State Development.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "Envesti nan koneksyon wo debi nou an se envesti nan devlopman ekonomik. Lè nou kolabore ak kominote yo, gouvènman lokal nou yo ak moun ki gen enterè yo, nou ka fèmen divizyon dijital la, ogmante enfrastrikti dijital nou an epi pote wo debi ki abòdab ak ekitab pou tout Nouyòkè yo."

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)